

# KALANDRIYE Aktivite

MPO	BAC	BCCB	CIR	TCC
<b>Jiyè</b>				
Jedi 13 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 12 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 11* a 6:00 diswa Sal 430	Pa gen reyinyon
<b>Mwa Dawou</b>				
Pa gen reyinyon	Mèkredi 9 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	Lendi 28 a 2:00 diswa Sal 302
<b>Septanm</b>				
Jedi 14 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 13 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 18 a 2:00 diswa Sal 422	Madi 5 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 25 a 2:00 diswa Sal 302
<b>Oktòb</b>				
Jedi 12 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 11 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 3 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 23 a 2:00 diswa Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi yo ouvri pou piblik la.

\* Kapab chanje

## Akwonim

AADT	Annual Average Daily Traffic Counts	DCA	Department of Community Affairs
APR	Annual Performance Report	DRI	Development of Regional Impact
APTA	American Public Transit Association	EIS	Environmental Impact Statement
BAC	Bicycle Advisory Committee	EPA	Environmental Protection Agency
BCCB	Broward County Coordinating Board	FAA	Federal Aviation Authority
BCT	Broward County Transit	FAC	Florida Administrative Code
BLC	Broward League of Cities	FCTD	Florida Commission Transportation Disadvantaged
BUS	Broward Urban Shuttle	FDOT	Florida Department of Transportation
CAAA	Clean Air Act Amendment	FHWA	Federal Highway Administration
CBD	Central Business District	FS	Florida Statute
CMA	Congestion Management	FTA	Federal Transit Administration
CIR	Community Involvement Roundtable	FY	Fiscal Year
CMAQ	Congestion Mitigation and Air Quality	GIS	Geographic Information System
CMS	Congestion Management System	MPO	Metropolitan Planning Organization
CTC	Community Transportation Coordinator	TCC	Technical Coordinating Committee
		UPRD	Urban Planning and Redevelopment Department


Pou plis enfòmasyon, gade nan:

[www.broward.org/mpo](http://www.broward.org/mpo)

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Aktivite Kominote a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan fòm an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou piblye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400.00, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sevès ak pwogram Broward County MPO yo.



VOLIM 10, nimewo 11

Dezyèm Trimès 2006

## DEZYÈM REYINYON REJYONAL ANYÈL KOMITE REZIDAN KONSEYE A



Mesye Walter Jolliff ak Madan Cynthia Baker, ki se manm nan Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote Broward County a, mande Ekip pou Pwojè ki nan South Florida East Coast Corridor Transit Analysis [Analiz sou Transpò pou Koridò Ès nan Sid Florid] la esplik avantaj ki genyen nan sèvi ak rezo fewovye ki la deja a, pou transpò lokal.

Nan dat 14 jen an, manm nan Òganizasyon Kowòdinatè pou Transpò Kominote nan Broward, Palm Beach, ak Miami-Dade yo te òganize dezyèm reyinyon rejyonal anyèl Komite Rezidan Konseye a nan biwo Administrasyon Rejyonal Transpò nan Sid Eta Florid [South Florida Regional Transit Authority (SFRTA)] a nan Pompano Beach.

Nan pami patisipan yo, te gen manm touletwa komite konseye yo, ki te pale sou kesyon rejyonal yo, epi ki te tande komantè piblik la sou rapò ki te soti nan Sant Sèvis Rejyonal Sunguide SmarTraveler 511, ak nan Consumer Information Network System, ak nan South Florida East Coast Corridor Transit Analysis (SFECCTA). Te genyen tou nan ajanda a lòt sijè tankou dènye enfòmasyon sou Plan Transpò pou Lontan nan Zòn lan [Regional Long Range Transportation Plan], epi Pwojè Otobis Rapid pou Wout Nimewo 7 nan Florid la.

Reyinyon an te koumanse a 4:00 apremidi pou kontinye jiska 6:00 diswa, epi plizyè moun nan piblik la te pale ak komite a, ansanm ak oratè ki te fè prezantasyon yo. Manm nan Ekip Pwojè Gannett Fleming la te reponn anpil kesyon moun te poze sou SFECCTA a. Se MPO ki finanse etid rejyonal sa a, epi se Distrik 4 nan Depatman Transpò Florid la k ap fè pwomosyon li pou devlope ak analize

altènativ ki kapab entegre transpò pasaje ansanm ak transpò machandiz sou SFECCTA, ki santre sou Ray Tren FEC ki la deja a.

Reyinyon rejyonal sa yo enpòtan, paske yo pèmèt moun gade objektif pou lontan nan touletwa konte yo, epi komite konseye kominote yo ap patisipe aktivman nan pwosesis planifikasyon pou transpò a. Pou plis enfòmasyon sou reyinyon rejyonal ki fèt 2 fwa chak ane yo, oubyen pou enskri kòm manm nan Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote a (CIR), gade nan adrès entènèt [www.broward.org/mpo](http://www.broward.org/mpo) oswa rele nan nimewo 954-357-6608.



Moun nan piblik la ap swiv prezantasyon enfòmasyon ki nan ajanda a, pandan reyinyon rejyonal Komite Rezidan Konseye ki te fèt nan 14 jen an.

### Nan Nimewo sa a ...

- Espozisyon nan Broward Mall sou Edikasyon, sou Sante, ak sou Biznis
- Komite sou Transpò nan Sidès Florid (SEFTC)
- Pèsonnèl MPO a fin Fè 2yèm Ane li nan Pwogram Patisipasyon Kominote a
- MPO Broward County a Òganize yon Resepsyon pou Fete Seleksyon A1A Kòm Granwout Touristik nan Eta Florid la
- Plis Fasilite pou Moun ki Monte Bisiklèt yo nan Broward County
- Aktivite Sezon Prentan yo Ofri Amizman pou Timoun

Transportation Planning Division  
115 S. Andrews Avenue, Room 329H  
Fort Lauderdale, FL 33301



PRSR STD  
USPOSTAGE  
PAID  
FT. LAUDERDALE, FL  
PERMIT #5450

## "METE L NAN LARI A"



Anplwaye nan pèsennèl MPO a te bay moun nan piblik la esplikasyon detaye sou pwosesis planifikasyon transpò a.

### ESPOZISYON NAN BROWARD MALL SOU EDIKASYON, SOU SANTE, AK SOU BIZNIS

Samdi 25 mas, anplwaye nan pèsennèl MPO a te patisipe nan Espozisyon sou Edikasyon, sou Sante, ak sou Biznis ki te fèt nan Broward Mall nan vil Plantation lan. Aktivite sa a te fèt anndan sant komèsyal la devan magazen Macy's la.

Te gen plis pase 70 vizitè nan sant komèsyal la ki te reponn yon kesyonè sou transpò anplwaye MPO yo te lonje ba yo. Tout moun ki te reponn kesyonè a te resevwa yon mayo. Aktivite sa a te yon bèl opòtinite pou moun nan piblik la, an jeneral, aprann kouman pwosesis planifikasyon transpò a òganize, ak kouman yo kapab patisipe ladan l.

Anpil moun te vini, epi te gen anpil kòmantè ak konvèsasyon sou plizyè kesyon ki entere moun yo. Pifò kesyon ki te pale yo te an rapò avèk anbouteyaj nan sikilasyon Ès-Wès la.



## KOMITE SOU TRANSPÒ NAN SIDÈS FLORID (SEFTC)

Richard J. Kaplan,  
Direktè MPO  
Majistra,  
Vil Lauderdale

Nan pami nouvo dispozisyon li pran pou patisipe pi byen nan pwogram devlopman ak transpò rejyonal ki te apwouve nan seyans 2005 Asanble Palmantè Florid la, Broward County MPO a vin manm kounye a nan Komite Sou Transpò Nan Sidès Florid la (SEFTC). Yo te pase Lwa sou Administrasyon Devlopman an [Growth Management Bill] pou ede nan administrasyon devlopman. Yo bay lajan pou Pwogram Rejyonal pou Ankouraje Transpò a [Transportation Regional Incentive Program (TRIP)], ak pou Sistèm Estratejik Entèmodal la [Strategic Intermodal System], ak pou Pwogram pou Nouvo Travay Transpò a [New Starts Transit Program], ak pou Ti Pwogram Patipasyon Kominotè nan Konte a [Small County Outreach Program], ak pou Labank pou Enfrastrikt nan Eta Florid la [State Infrastructure Bank], ak pou Pwogram Prete Lajan nan Konte a pou Ankourajman [County Incentive Grant Program]. Objektif pwogram sa yo se finanse amelyorasyon

nan sèvis transpò ki enpòtan yo. Pou pèmèt jwenn finansman TRIP pou aktivite nan rejyon 3 Konte yo, gen yon akò entèlokalite ki pase ant konte Miami-Dade, Broward, ak Palm Beach yo pou yo fòme Komite Sou Transpò Nan Sidès Florid la (SEFTC).

Chak nan twa syèj sa yo pral reprezante ak defann nouvo Komite ki fenk fòme a, ansanm ak patnè li yo sou kesyon transpò: Broward County Transit, Palm Tran, South Regional Transit Authority, ak Miami-Dade Transit. Objektif prensipal Komite sa yo, se pou idantifye ak tabli priyorite sou pwojè yo nan nivo rejyonal la. Premye reyinyon Komite a te fèt nan dat 11 janvyè 2006. Nan dezyèm reyinyon an, ki te fèt nan dat 12 avril 2006, Konsèy la te apwouve yon lis pwojè epi li te mande lajan nan TRIP Eta Florid la pou konplete finansman an.

Broward County MPO a ap fè tout sa li kapab pou kontinye devlope ak amelyore opòtinite rejyonal ki egziste nan rejyon 3 Konte yo; se poutèt sa li fòme SEFTC a, epi li sipòte taks siplemantè 1 santim pou traspo rezidan pral vote sou li nan mwa novanm lan, ki pral sèvi pi byen pou satisfè bezwen transpò nan rejyon 3 Konte yo.

## PESONNEL MPO A FIN FÈ 2YÈM ANE LI NAN PWOGRAM PATISIPASYON KOMINOTÈ A



Elèv nan Morrow Elementary yo te bay pèsennèl MPO a yon sipriz, lè yo te mete mayo MPO a sou yo pou vizitè pèsennèl la te retounen fè nan lekòl la.

An 2004, Broward County MPO te òganize yon pwogram pilòt ki te mache byen, pou tabli kontak avèk elèv nan klas elemantè yo, ansanm ak paran oswa moun ki responsab elèv yo; pwogram la te esplikè tout bagay sou planifikasyon transpò ak sou enpòtans patipasyon kominote a nan pwosesis la. Depi premye prezantasyon ki te fèt nan Lekòl Elemantè Dillard la, pèsennèl la prezante pwogram la nan 12 lekòl elemantè ki plizyè kote nan Broward County.

Pou ane akademik 2005-2006 la, yo te mete yon eleman an plis pou konplete pwogram

edikasyon 50 minit la; se konsa gen yon dezyèm vizit yo retounen fè nan sis lekòl ki patisipe nan pwogram la. Dezyèm vizit sa a te bay pèsennèl MPO a yon chans pou voye je sou devwa elèv yo fè lakay yo, ak pou lanse yon pwosesis kreyatif kote elèv nan chak lekòl ka vote pou chwazi non 2 "pèsonaj" ki nan prezantasyon an, Chic ak Egg. Nan pami bèl non elèv yo te chwazi pou rele pèsonaj ki se Chic la, genyen: **Chickzilla**, **Bow Wow**, **Bucky**, ak **Chicken Little**. Pou pèsonaj ki se Egg la, yo te chwazi non tankou: **Dora the Egg Explorer**, **Raven**, ak **Mis Oval**. Men non lekòl yo te vizite pandan ane 2005-2006 la: Stephen Foster Elementary, nan Fort Lauderdale; Thurgood Marshall Elementary, nan Fort Lauderdale; Sanders Park Elementary, nan Pompano Beach; Plantation Elementary, nan Plantation; Tedder Elementary, nan Pompano Beach; ak Morrow Elementary, nan North Lauderdale.

Tout prezantasyon yo te fè nan ane 2005-2006 la te pou elèv nan 4yèm ane, sòf nan Tedder Elementary, kote yo te fè prezantasyon an pou elèv nan 3yèm ak nan 4yèm ane. Pou plis enfòmasyon sou pwogram pou tabli kontak avèk timoun yo, ale nan adrès entènèt [www.broward.org/mpo](http://www.broward.org/mpo).

## MPO BROWARD COUNTY A ÒGANIZE YON RESEPSYON POU FETE SELEKSYON A1A KÒM GRANWOUT TOURISTIK NAN ETA FLORID LA



Tout oratè nan Fèt pou Granwout Touristik la te bay enfòmasyon detaye sou jan yo dwe kontinye seleksyon granwout touristik yo.

Nan dat 24 avril 2006 la, pèsennèl MPO Broward County a te òganize yon resepsyon espesyal nan Sant Konvansyon Broward County a pou fete reyalizasyon ak apwobasyon kondisyon pou pase Etap Elijibilite a, pou seleksyon Wout Eta Florid A1A a kòm wout touristik. Koridò 32 mil wout A1A ye a derape depi liy separasyon ant Broward County ak Palm Beach County a, pou rive nan liy separasyon ant Broward County ak Miami-Dade County a; li sèvi kòm yon koridò fonksyonèl milti-modal pou Konte a.

## PLIS FASILITE POU MOUN KI MONTE BISIKLÈT YO NAN BROWARD COUNTY

Pandan lane 1990 yo, Broward County MPO te kouranman sèvi avèk lajan federal ki te soti nan fon Rediksyon Anbouteyaj ak Kontwòl Kalite Lè a (CMAQ) pou finanse pwojè transpò ki kapab amelyore kalite lè nan rejyon an. Depi lè sa a, tout kote nan Florid yo te amelyore kalite lè nan anviwonman yo. Kounye a, Broward County ap afekte lajan ki rete nan fon CMAQ sa yo, ki sèvi anpil nan amelyorasyon kalite lè nan rejyon an. Nan youn nan dènye pwogram ki rete pou fè ak CMAQ yo, Broward MPO bay otorizasyon pou sèvi avèk fon federal pou amelyore kalite lè a, pou enstale estasyonman bisiklèt ki gen sekirite, pou kote ki gen komès yo, ak gouvènman lokal yo, ak biznis ki nan Broward County yo kapab gen estasyonman bisiklèt pou anplwaye, pou kliyan, ak pou vizitè yo.

Anplwaye nan pèsennèl MPO yo ekri yon fòmile aplikasyon pou moun ki gen biznis nan pwopriyete komèsyal yo, ak biznis nan Broward County yo sèvi. Etap ki pral vini apre a, se fè pwomosyon pwogram lan, epi distribye aplikasyon yo. Lè sa a, pèsennèl la pral analize aplikasyon li resevwa yo pou wè ki

Resepsyon an te byen pase, epi te gen manm ak lidè nan kominote a ki te vini. Te gen Dillard High School String Quartet la ki te jwe mizik pandan moun t ap mache kontre youn ak lòt nan resepsyon an, epi yo te montre manm kominote a yon videyo 15 minit sou enpòtans istorik koridò a.

Mesye John Rule, ki se prezidan Broward County SR A1A Advocacy Group epi prezidan CIR pou Broward County MPO a, te mèl seremoni nan resepsyon an. Li ensiste sou enpòtans pou soutni pwojè koridò a, epi li mande asistans lan ede komite a travay pou sa. Kristin Jacobs, ki se Komisè nan Broward County ak manm nan MPO a, te premye nan senk moun ki te pran lapawòl yo ki te fè sonje se pwojè konsa ki ede nan devlopman Broward County paske yo bay kote nou rete a plis valè, epi yo ede moun viv pi byen.

Lòt oratè yo se Mesye Herb Hiller, ki ekri "Highway A1A, Florida at the Edge" [Granwout A1A ap mete Florid devan]; Madan Deanna Lloyd, ki te reprezante Komite Defans Granwout Touristik Florida Keys la; Mesye James Wolfe, sekretè Katriyèm Distrik FDOT a, ki pwomèt pou òganizasyon li a fè tout sa li kapab pou ede pwojè a travèse 2 etap ki rete yo; epi Helen Landers, manm nan Komisyon Istorik Broward County a, ki te fè diskou konklizyon pou resepsyon an.

kote ak ki kalite sipò pou bisiklèt ki pral pi bon pou pwojè sa a, dapre repons moun chwazi nan aplikasyon an. Yo pral gade konbyen chak plas ap koute.

Objektif pwojè sa a, se diminye kantite oto ki sou wout yo pou pwoteje kalite lè a. Bisiklèt se yon mwayen transpò ki pa lage anyen nan lè a, sa ki pèmèt kenbe lè a, ak wout yo, ak dlo yo pi pwòp epi diminye polisyon nan kote sa yo. Lè gen kote pou estasyonnen bisiklèt, gen otomobilis ki ta pral pran volan poukont yo nan yon oto k ap deside monte bisiklèt pou ale kote yo bezwen. Gen anpil anplwaye ak anpil kliyan ki ta renmen ale nan travay oswa nan magazen sou bisiklèt, men yo pa fè sa paske pa gen kote pou estasyonnen bisiklèt yo an sekirite. Si yo fè enstale sipò pou bisiklèt nan kote ki an sekirite, pwopriyete kote yo oswa mèl biznis yo pral gen plis kliyan epi yo pral amelyore relasyon yo nan kominote a.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Mis Debbie Homan nan nimewo (954) 357-6620 oswa Mark Horowitz nan nimewo (954) 357-6641.

## "METE L NAN LARI A"



Timoun yo te pran anpil plèzi nan aktivite pou amizman yo, nan Lauderdale Spring Fling.

### AKTIVITE SEZON PRETAN YO OFRI AMIZMAN POU TIMOUN

Pandan mwa avril ak mwa me, pèsennèl MPO a te fè anpil travay nan kowòdinasyon 2 aktivite piblik sa yo: Lauderdale Spring Fling, nan dat 8 avril; epi Meet Your Neighbors [Fè Konnesans ak Vwazen w], nan dat 20 me, nan Kidz Day nan Miramar.

Toude aktivite sa yo te gen yon sijè prensipal ki te menm: timoun! Toude aktivite yo te pote anpil amizman pou timoun yo, ansanm ak enfòmasyon pou paran nan chak kominote yo.

Nan Lauderdale, anpil nan paran yo te poze kesyon an te reponn transpò piblik se yon bagay enpòtan pou yo; nan Miramar, gen plizyè moun ki te vini nan kontwa MPO a, ki te di sa ki enpòtan pou yo, se zafè ki an rapò ak pyeton epi ak sekirite. Nan toude kominote yo, se anbouteyaj ki te parèt kòm premye sijè nan zafè sikilasyon an.

